



Pou Piblikasyon Imedya: 12/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

APRE INONDASYON ISTORIK YO, GOUVÈNÈ HOCHUL AP SELEBRE RE-OUVÈTI KONPLÈ METRO-NORTH RAILROAD AK ANONSE SÈVIS AMTRAK YO PRAL REPRANN ANT VIL NEW YORK AK ALBANY

Ekip Metro-North yo te retabli sèvis yo nan Liy Upper Hudson ak Liy Upper Harlem mwens pase de jou apre Hudson Valley te gen gwo tanpèt ki frape l

Sèvis Amtrak ant Penn Station ak Albany-Rensselaer reprann jodi a

[Foto avan ak apre tanpèt la disponib isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul selebre re-ouvèti konplè Metro-North Railroad la epi li anonse sèvis Amtrak yo pral rekòmanse ant Vil New York ak Albany apre lapli istorik ak inondasyon ki te frape rejyon an 9 jiyè. Gouvènè Hochul, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) Janno Lieber ak Prezidan Metro-North Railroad Catherine Rinaldi te fè anons lan apre yo te akeyi kèk nan premye pasaje Metro-North ki te rive nan Grand Central Terminal apre sèvis yo te retabli sou Liy Hudson lan.

"Ekspè yo te di ke sa te ka pran plis pase yon semèn pou retabli tout sèvis Metro-North, men gras ak travay di ak talan travayè sendika MTA yo nou te retabli sèvis nan chak estasyon Metro-North", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Akòz kriz klimatik la, ijans metewolojik sa yo ap vin tounen nouvo nòm al nou an byen vit - epi mwen pran angajman pou m fè tout sa ki nan pouvwa mwen pou ranfòse enfrastruktir nou an pou li ka rezistan pou jenerasyon k ap vini yo".

Touswit apre tanpèt la, sèvis Metro-North yo te sispann nan nò Croton-Harmon sou Liy Hudson ak nan nò estasyon sidès la sou Liy Harlem. Mwens pase de jou apre tanpèt la te frape, Metro-North te kapab retounen ak sèvis nan Liy Hudson, kòmanse ak tren ki prale Poughkeepsie k ap fonksyone madi swa. Yo te retabli sèvis tou sou Liy Upper Harlem lan nan mèkredi maten.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Nou te travèse gwo tanpèt ansanm - Siklòn Ida te sekwe Hudson Valley an 2021, sa ki te frape operasyon Metro North yo espesyalman di, epi kounye a, isit la n ap sibi konsekans yon lòt tanpèt ki rive yon fwa nan yon jenerasyon. Ekip MTA a te entèveni yon lòt fwa ankò

pou remete chemennfè yo sou ray. Mwen dwe remèsye plizyè santèn manm ekipaj ki te travay san pran souf pou fè sa rive".

Prezidan Metro-North Railroad ak Prezidan Pwovizwa Long Island Rail Road lan, Catherine Rinaldi, te deklare, "Tanpèt istorik dimanch lan te lakòz gwo domaj nan Wassaic Branch ak Liy Upper Hudson, epi mendèv Metro-North te vin an fòs pou netwaye ray nou yo epi retabli sèvis yo pi vit posib. Soti nan ekip k ap fè netwayaj la, rive nan travayè ki te ede ak sèvis otobis tanporè a, mwen pa ka remèsye chak anplwaye ase pou travay yo".

Sèvis yo te sispann sou Liy Hudson nan nò Croton-Harmon dimanch apremidi ak sou Liy Harlem nan nò sidès lendi maten, akòz gwo domaj tanpèt la. Sispanyon sèvis yo sou liy Hudson ak Harlem yo te afekte prèske 14,000 pasaje chak jou, ak prèske 105,000 pasaje yo konte sou liy sa yo chak semèn.

Retire pye bwa, dlo, labou ak gwo wòch ki tonbe yo te angaje plizyè santèn travayè MTA ak kontraktè yo, avèk plis manm ekip pou swiv pàn yo, deplase ekipman ak jere sèvis otobis ranplasan. Ekip sa yo te gen ladann manm Fratènite Entènasyonal Travayè nan Elektrisite (International Brotherhood of Electrical Workers), Fratènite Entènasyonal Teamsters (International Brotherhood of Teamsters), Asosyasyon Anplwaye Tren Banlye (Association of Commuter Rail Employees), ak Asosyasyon Sipèvizè Chemennfè ak Vwa Ayeryen (Railway and Airway Supervisor Association). Ekip yo pral kontinye netwayaj sou Liy Hudson lan pandan chemennfè a ap travay pou retabli sèvis konplè ki pwograme regilyèman sou liy lan.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418